



Byenveni nan famasi ICARE RX!

Mèsi dèské w te chwazi n antanke founisè pwodui famasi espesyalize yo. Ekip famasyen nou an devwe anpil, e li enpasyan travay ansanm avè w, avèk doktè w e avèk konpayi asirans ou pou n ka asire n nou satisfè tout bezwen w yo.

Antanke pasyan yon famasi espesyalize, ou pral benefisyé yon kontak dirèk pèsonalize ak famasyen nou yo. Yo pral devlope yon pwogram ki adapte ak bezwen w yo pou w ka konprann epi suiv enstriksyon preskripsyon ou yo.

Nou te devlope yon seri sèvis pou ede w tire pi gwo pwofi terapi w ap suiv la, tankou:

- Fòmasyon, edikasyon ak konsèy
- Yon egzamen medikaman konplè
- Tikè moderatè (copay), èd pou pasyan yo ak lòt pwogram asistans finansye yo
- Livrezon medikaman yo gratis
- Rapèl pou renouvre medikaman yo
- Posiblité kontakte 24/7 yon pwofesyonèl lasante ki kalifye

Nou pa ka tann pou n ba w pi bon sèvis ki posib la. Nou konnen ou gen anpil chwa, e nou di w mèsi anpil dèské w te chwazi famasi ICARE RX.

Kòdyalman,
Ekip ICARE RX

Enfòmasyon pratik yo

Orè sèvis yo:

- Lendi – vandredi, 9:00 AM – 5:00 PM
- Famasi nou an fèmen nan jou fèt sa yo:
 - 1yé janvye (New Year's Day), Memorial Day, 4 jiyè (4th of July Day), Labor Day, Thanksgiving Day ak jou Nwèl

Kowòdone

- **Adrès:** 14447 Country Walk Dr | Miami, FL 33186-8104
- **Nimewo telefòn:** 305-251-7414
- **Nimewo faks:** 305-251-3878

Asistans 24/7:

- Yon seri pwofesyonèl lasante ki kalifye yo disponib 24 è sou 24 e 7 jou sou 7, menm pandan jou fèt ak wiken yo.
- Pwofesyonèl nou yo ki travay an deyò orè travay yo disponib pou ede w ak nenpòt kesyon medikal ijan ou gendwa genyen.

Ou mèt kontakte n nan sitiyasyon sa yo:

- Ou gen kesyon oswa dout anrapò ak medikaman w yo
- Ou sispèk w ap fè yon reyasksyon oswa yon alèji akoz medikaman w
- Te gen yon chanjman nan itilizasyon medikaman w yo
- Kowòdone w yo oswa adrès livrezon w te chanje
- Enfòmasyon asirans ou oswa sous pèman w te chanje
- Pou tcheke sitiyasyon kòmann ou, pou endike yon reta nan kòmann ou oswa pou voye yon livrezon pou yon lòt lè
- Pou jwenn enfòmasyon enrapò ak yon reklamasyon

Enfòmasyon enpòtan yo

- **Pwogram famasi espesyalize a**
 - Pasyan k ap itilize yon famasi espesyalize otomatikman enskri nan pwogram jesyon pasyan nou an. Pwogram sa a pèmèt jere pasyan yo k ap suiv yon terapi espesifik. Grasa ekip pwofesyonèl nou an ki kalifye anpil la, ou pral benefisyé yon seri egzamen medikal regilye, yon bon suivi sante w, yon evalyasyon bezwen w genyen yo nan domèn fòmasyon ak jesyon itilizasyon medikaman w yo. Pwogram sa a gratis, e patisipasyon w toutafè volontè. Si w pa ta renmen patisipe nan pwogram sa a, ou mèt rele n pou pale ak yon manm nan ekip famasi espesyalize a.
 - Pwogram famasi espesyalize a ofri yon seri avantaj, tankou jesyon efè segondè yo, yon pi bon konfòmite terapi medikaman yo epi amelyorasyon jeneral eta sante w depi w dispoze suiv plan trètman w.
- **Enfòmasyon finansye**
 - Anvan trètman w kòmanse, yon manm ekip nou an pral fè w konnen pri kach la ak depans w ap bezwen peye yo, tankou franchiz yo (deductibles), tikè moderatè yo (copays) ak kowasirans (coinsurance), selon sa k aplikab la.
 - Nou pral voye reklamasyon yo bay konpayi asirans sante w. Si yo refize reklamasyon w, yon manm ekip nou an pral fè w konnen pou n ka travay ansanm pou n rezoud pwoblèm nan.
 - Si famasi nou an pa nan rezo famasi konpayi w ap kouvri, nou pral fè w konnen, e depi ou mande n, nou pral di w pri kach medikaman yo.
 - Ekip nou an gen aksè ak kèk pwogram asistans finansye ki ka rezoud pwoblèm kòb yo yon fason pou w ka kòmanse pran medikaman w yo. Pwogram sa yo gen ladan yo koupon rediksyon fabrikan medikaman yo oswa asistans nan men plizyè fondasyon k ap goumen pou trete kèk maladi. Nou pral ede w enskri w nan pwogram sa yo, depi yo disponib.
- **Trètman preskripsyon yo**
 - Doktè w ka voye n preskripsiyo w, oswa w ka remèt nou li dirèkteman oubyen pa lapòs.
 - Yon manm ekip nou an pral kontakte w 5-7 jou anvan dat renouvèlman preskripsiyo an. Si w ta renmen kontakte n pou renouve preskripsiyo w, tanpri rele n. Yon manm ekip famasi a pral trete demann renouvèlman ou.
- **Transfè preskripsiyo yo**
 - Si famasi nou an pa ka distribye medikaman w yo ankò, yon famasyen pral transfere preskripsiyo w nan yon lòt famasi. Nou pral fè w konnen lè n transfere trètman w.
 - Si w ta renmen resevwa medikaman w yo nan men yon lòt famasi, tanpri rele n. Nou pral ede w transfere preskripsiyo w nan famasi ou pral chwazi a.
- **Ranplasman medikaman yo**
 - Famasi nou an bat li pou l chèche solisyon k ap mwens chè pou w a. Pafwa, li gendwa nesesè pou n ranplase yon medikaman mak avèk yon medikaman jenerik. Sa ka fèt poutèt preferans konpayi asirans la oswa pou diminye kou tikè moderatè w (copay). Si n bezwen ranplase medikaman w, yon manm ekip famasi espesyalize nou an pral kontakte w anvan n voye medikaman w yo pou n fè w konnen. Lè yon medikaman jenerik disponib, se li menm famasi nou an pral chwazi pou w ka peye mwens chè. Sepandan, si se preferans ou, oswa si moun k ap fè preskripsiyo an endike l, nou pral itilize yon medikaman mak.

- **Eliminasyon apwopriye medikaman w pa itlize yo**

- Pou jwenn yon seri enstriksyon sou bon fason w ka jete medikaman w pa itlize yo, tanpri tcheke ak sèvis ki retire fatra nan zòn kote w rete a. Ou ka tou vizite sit Entènèt sa yo pou jwenn plis enfòmasyon:
 - <http://www.fda.gov/forconsumers/consumerupdates/ucm101653.htm>
 - <http://www.fda.gov/drugs/resourcesforyou/consumers/buyingusingmedicinesafely/ensuringsafeuseofmedicine/safedisposalofmedicines/ucm186187.htm>
 - RXdrugdropbox.org

- **Retrè medikaman yo**

- Si yo retire medikaman w yo nan vant (drug recall), famasi espesyalize a pral kontakte w pou fè w konnen rekòmandasyon ajans FDA a oswa fabrikan medikaman an te bay yo.

- **Aksè medikaman yo nan yon sitiayson ijans oswa pandan yon katastwòf**

- Si ta vin gen yon sitiayson ijans oswa yon katastwòf nan zòn kote w rete a, tanpri kontakte famasi nou an pou esplike n ki jan nou ka livre w medikaman w yo.
- Si famasi a fèmen poutèt menm ijans lan oswa katastwòf la, nou pral kontakte w pou wè si n ka transfere medikaman w yo yon fason pou trètman w ka kontinye.

- **Pwoblèm oswa kesyon anrapò ak medikaman yo**

- Si gen nenpòt pwoblèm ak medikaman yo, tankou si w santi yon seri efè segondè, oswa si w sispek te gen yon erè, tanpri kontakte famasi a osito sa posib.
- Nou vle pou w satisfè nètalè ak trètman n ap ba w a. Si w menm oswa moun k ap pran swen w gen nenpòt kesyon, tanpri rele n oswa ekri n yon imèl oubyen yon lèt pou n ka pale sou sa ansam. Si w ta renmen depoze yon plent, ou mèt kontakte:
 - URAC
 - Sit Wèb: <https://www.urac.org/file-a-grievance>
 - Adrès imèl: grievances@urac.org

Dwa ak responsabilite pasyan yo

Antanke pasyan nou an, men ki DWA ou genyen yo:

- Asire w fason y ap pataje enfòmasyon pèsonèl sou sante w ak pwogram jesyon pasyan yo ann akò ak lwa Leta a ak lwa federal la
- Identifie manm ekip pwogram yo, san wete pòs travay y ap okipe yo, epi pale ak sipèvizè yon manm ekip depi se sa w vle
- Pale ak yon pwofesyonèl lasante
- Resevwa enfòmasyon sou pwogram jesyon pasyan yo
- Refize patisipe nan pwogram nan oswa sispann enskripsyon w nenpòt lè w vle

Antanke pasyan nou an, men ki RESPONSABLITE ou genyen yo:

- Bay yon seri enfòmasyon medikal ak pèsonèl ki kòrèk epi, depi youn nan enfòmasyon sa yo chanje, endike l nan pwogram jesyon pasyan yo
- Esplike pwofesyonèl k ap ekri preskripsyon yo difètke l ap patisipe nan sèvis famasi ap ofri yo, tankou pwogram jesyon pasyan yo

Ou ka jwenn plis enfòmasyon anrapò ak medikaman w yo, maladi/dyagnostik la oswa resous kominate ak finansye yo nan sit wèb sa yo:

- **HIV**
 - <https://www.hiv.gov>
 - <https://www.cdc.gov/hiv/basics/livingwithhiv/resources>

Pwogram famasi espesyalize a

Misyon nou an

Solisyon swen sante konplè n ap ofri a ban nou yon opòtinite pou n bay pasyan "espesyalize" yo yon swen pèsonèl ki wo nivo toutpandan nou garanti respè pwosedi endistri yo. Famasyen espesyalize nou yo ofri yon seri sèvis klinik ak bonjan fòmasyon sou medikaman yo pou pasyan yo ansanm ak lòt pwofesyonèl lasante ki konpetan. Objektif la se rive nan pi bon rezulta sante ki posib yo.

Sèvis n ap ofri pasyan nou yo (GRATIS)

- Asistans ak jesyon klinik medikaman yo, e evalyasyon konplè medikaman yo ak rezulta laboratwa yo
- Eta maladi a ak fòmasyon e konsiltasyon anrapò ak medikaman yo
- Yon ekip pwofesyonèl espesyalize ki serye e ki disponib 24/7
- Yon èd pou respekte trètman medikaman yo grasa yon seri resous
- Sèvis disponib an plizyè lang
- Asistans pou moun ki andikape yo, tankou yon sèvis TTY oswa dokiman an gwo karaktè
- Renouvèlman ak demann pou renouvèlman otomatik Yon kolaborasyon sere sere ak moun k ap prepare preskripsyon yo
- Rapèl pèsonalize gratis pou renouvle medikaman yo
- Pwogram èd finansye pou pasyan yo
- Enskripsyon otomatik nan èd ak tikè moderatè a (copay)
- Kowòdinasyon asirans ak plan prestasyon sante yo
Trètman premye otorizasyon yo ak apèl yo
- Tès HIV/HEP C gratis atravè yon rekòmandasyon
- Livrezon 1 jou gratis



iCARE Rx
PHARMACY

Pwogram famasi espesyalize a

Pwogram famasi espesyalize nou an ofri yon seri sèvis ak swen sante pèsonalize. Objektif li se amelyore efikasite medikaman espesyalize yo. Ekip espesyalis nou an gen anpil eksperyans. Li pral kolabore ansanm avè w, avèk founisè swen sante w e ak konpayi asirans ou. Nenpòt pasyan ki pran yon medikaman espesyalize otomatikman enskri nan pwogram sa a. Si w pa ta renmen patisipe, tanpri rele famasi a pou pale ak yon manm ekip espesyalize nou an.

Dwa ak responsablite pasyan yo

Men ki dwa ou genyen yo:

- Asire w fason y ap pataje enfòmasyon pèsonèl sou sante w ak pwogram jesyon pasyan yo ann akò ak lwa Leta a ak lwa federal la
- Identifie manm ekip pwogram yo, san wete pòs travay y ap okipe yo, epi pale ak sipèviziè yon manm ekip depi se sa w vle
- Pale ak yon pwofesyonèl lasante
- Resevwa enfòmasyon sou pwogram jesyon pasyan yo
- Refize patisipe nan pwogram nan oswa sispann enskripsyon w nenpòt lè w vle

Men ki responsablite ou genyen yo:

- Bay yon seri enfòmasyon medikal ak pèsonèl ki kòrèk epi, depi youn nan enfòmasyon sa yo chanje, endike l nan pwogram jesyon pasyan yo
- Esplike pwofesyonèl k ap fè preskripsyon yo difètke l ap patisipe nan sèvis famasi ap ofri yo, tankou pwogram jesyon pasyan yo

Miami FL 33186-8104

Orè sèvis yo: Lendi – vandredi, 9:00 AM – 5:00 PM

Telefòn: 305-251-7414 | Faks: 305-251-3878

www.icarerxpharmacy.com

Men ki jou famasi nou an fèmen: 1yé janvye (New Year's Day), Memorial Day, 4 jiyè (4th of July Day), Labor Day, Thanksgiving Day ak jou Nwèl



Pou ranpli
sondaj sa a sou
Entènèt, tanpri
eskane kòd QR
la.

Sondaj sou satisfaksyon pasyan yo

* Repons lan obligatwa

1. Mwen se yon pasyan (oswa m reprezante yon pasyan) yo konn preskri yon seri medikaman m ka vin pran nan famasi a. *

- Wi
 Non

2. Non (opsyonèl):

3. Medikaman yo konn preskri m se yon medikaman espesyalize kont viris HIV, prevansyon viris HIV, epatit-C. *

- Wi
 Non
 Mwen pa konnen oswa m refize reponn

4. Nan ki Leta famasi a ye? *

Laflorid

Nouyòk

Marilann

Kalifòni

5. Moun k ap travay nan famasi yo janti e yo sèvyab. * (15 pwen)

Strongly Disagree Strongly Agree

6. Mwen ta rekòmande famasi sa a bay lòt pasyan. * (15 pwen)

Strongly Disagree Strongly Agree

7. Lè m gen yon nouvo preskripsyon, famasi a ban m enfòmasyon alekri sou medikaman yo, e li ofri yon seri konsiltasyon nenpòt lè ki satisfè bezwen m yo ak atant mwen yo. * (15 pwen)

Strongly Disagree Strongly Agree

8. Famasi a ede m konprann kondisyon preskripsyon ak terapi mwen yo. * (15 Points)

Strongly Disagree Strongly Agree

9. Famasi a kenbe enfòmasyon medikal sou mwen menm e sou preskripsyon m konfidansyèl. * (15 pwen)

Strongly Disagree      Strongly Agree

10. Famasi a satisfè bezwen m yo ak atant mwen yo. * (15 pwen)

Strongly Disagree      Strongly Agree

11. Famasi a te reponn kesyon ak dout m te genyen yo sou faktirasyon ak finansman an. * (15 Points)

Strongly Disagree      Strongly Agree

12. Famasi a te ede m diminye oswa elimine depans mwen te dwe peye ak kòb pa m. * (15 pwen)

Strongly Disagree      Strongly Agree

13. Livrezon famasi a jere yo satisfè bezwen m yo ak atant mwen yo. * (15 pwen)

Strongly Disagree      Strongly Agree

14. Kòmantè yo (opsyonèl): Si w ta renmen yon moun kontakte w, tanpri ekri kowòdone w yo (imèl, nimewo telefòn).

15. Èske w ta renmen yon manm ekip famasi a kontakte w? *

- Non, mèsi
- Wi, yon manm ekip famasi a ta dwe kontakte mwen oswa reprezantan m.
- Wi, men m ta renmen pale ak responsab konfòmite famasi a (Pharmacy Compliance Officer).

Microsoft pa t kreye ni l pa soutni kontni sa yo. Yo pral voye repons ou yo bay pwopriyetè fòmilè a.

 Microsoft Forms

ICARE RX LLC
14447 Country Walk Dr
Miami FL 33186-8104
Nimewo telefòn: 305-251-7414
Nimewo faks: 305-251-3878
Orè sèvis yo: Lendi – vandredi, 9:00 AM – 5:00 PM

Sondaj la disponib sou Entènèt: www.icarerxpharmacy.com/patient-survey *
Sit wèb nou an respekte egzijans lwa ADA ak Seksyon 508 yo konsènan aksesiblite sit wèb la, dapre WCAG 2.1 AA

Nou bay vi prive w la anpil valè

Enfòmasyon anrapò ak pratik konfidansyalite yo e dwa pasyan yo

Yon mesaj pou pasyan nou yo:

Konfidansyalite enfòmasyon medikal ou yo trèzenpòtan pou nou. Nou rekonèt enfòmasyon medikal ou yo pèsonèl. Kidonk, nou angaje tèt nou pou n pwoteje yo. Nou kreye yon dosye ki gen ladan I tout swen ak sèvis w ap resevwa yo anndan òganizasyon w lan. Nou bezwen dosye sa a pou n ka ba w yon seri swen sante ki wo nivo epi pou n respekte kèk egzijans legal. Dokiman sa a pral fè w konnen kèk fason nou gendwa itilize epi pataje enfòmasyon medikal pèsonèl ou yo. Epitou, I ap esplike w dwa ou yo ak kèk responsablite w genyen yo konsènan itilizasyon ak pataj enfòmasyon medikal yo.

Kesyon ak plent yo

Si w gen nenpòt kesyon anrapò ak dokiman sa a, tanpri mande resepsyonis la si w ta ka pale ak responsab respè konfidansyalite nou an (Privacy Officer). Si w kwè nou te vyole dwa konfidansyalite w yo, ou mèt pale ak responsab respè konfidansyalite nou an epi voye yon plent alekri. Si w ta renmen fè youn nan bagay sa yo, tanpri fè resepsyonis la konnen ou ta vle pale ak responsab respè konfidansyalite nou an, oswa mande yon fòmilè plent. Ou mèt voye yon plent alekri bay Depatman pou sante ak sèvis sosyal Etazini yo (HHS). N ap fè w konnen nan ki adrès pou w voye plent lan. Nou pap vanje tèt nou okenn fason si w deside depoze yon plent.

Enfòmasyon anrapò ak pratik konfidansyalite yo

DOKIMAN SA A ESPLIKE FASON NOU GENDWA ITILIZE E PATAJE ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU MENM, E FASON W KA AKSEDE ENFÒMASYON SA A. TANPRI EGZAMINE L AK ANPIL ATANSYON.

Dosye sante w la gen ladan I yon seri enfòmasyon pèsonèl sou ou menm e sou sante w. Yo rele enfòmasyon pèsonèl sa yo, ki gendwa idantifye w ak sante oswa maladi fizik oswa mantal ou te konn genyen, ou genyen kounye a oswa ou pral genyen, e ki gendwa idantifye sèvis swen sante ki makonnen ak sante oswa maladi sa yo, "enfòmasyon konfidansyèl anrapò ak sante a" (Protected Health Information, oswa "PHI"). Dokiman sa a (Enfòmasyon anrapò ak pratik konfidansyalite yo) esplike fason nou gendwa itilize e pataje PHI w yo ann akò ak lwa ki aplikab yo, tankou lwa Health Insurance Portability and Accountability Act ("HIPAA") ak règ ki te pibliye anba lwa HIPAA, tankou règ konfidansyalite ak sekirite HIPAA yo, ansanm ak kòd etik NASW a. Yon lòt bò, dokiman sa a presize dwa w genyen yo konsènan fason w ka aksede oswa jere PHI w yo.

Lwa oblige n kenbe konfidansyalite PHI w yo e li oblige n ba w enfòmasyon sou responsabilite legal nou yo ak pratik konfidansyalite nou yo anrapò ak PHI w yo. Nou oblige respekte kondisyon ki parèt nan dokiman sa a. Nou gen dwa chanje kondisyon ki parèt nan dokiman sa a nenpòt lè nou vle. Nouvo dokiman an pral aplikab pou tout PHI yo nou sere nenpòt lè. Pou w ka gen yon kopi nouvo dokiman an, nou pral pibliye l sou sit wèb nou an. Si w prefere, nou ka voye w li pa lapòs oswa nou ka remèt ou li nan pwochen randevou w.

FASON NOU GENDWA ITILIZE E PATAJE ENFÒMASYON SOU SANTE W

Pou trètman an. Moun ki patisipe nan trètman w gendwa itilize e pataje PHI w yo pou yo ka bay, kowòdone oswa jere swen sante w yo ak sèvis ki makonnen ak trètman w. Pa egzamp, yo gendwa konsilte sipèviziè klinik yo oswa lòt manm ekip ki patisipe nan trètman an. Li posib pou n pataje PHI w yo ak yon lòt konseye, men sèlman si w otorize n fè sa.

Pou pèman an. Nou gendwa itilize e pataje PHI w yo pou n ka resevwa yon pèman pou sèvis trètman n ap ba w yo. Nou pral annik fè sa ak otorizasyon w. Men kèk egzanz aktivite anrapò ak pèman an: tcheke si w ranpli kondisyon oswa si w pral kouvri grasa yon seri prestasyon asirans, trete reklamasyon yo ak konpayi asirans ou, egzamine sèvis n ap ba w yo pou detèmine bezwen medikal ou yo, oswa reyalize kèk aktivite pou egzamine itilizasyon yo. Si l vin nesesè pou n itilize yon seri pwosedi rekiperasyon kòb poutèt sèvis yo pa peye, nou pral annik pataje yon minimòm kantite PHI ki nesesè pou n rekiper kòb la.

Pou aktivite swen sante yo. Nou gendwa itilize e pataje, si sa nesesè, PHI w yo pou n ka soutni aktivite komèsyal nou yo, tankou aktivite anrapò ak evalyasyon kalite a, egzamen anplwaye yo, pwosedi pèmi yo, ak konduit oswa òganizasyon lòt aktivite komèsyal yo. Pa egzanz, nou gendwa pataje PHI w yo ak lòt moun k ap patisipe nan yon seri aktivite komèsyal (faktirasyon, daktilografi, elatriye), akondisyon nou gen yon kontra ekri ak biznis sa a ki garanti konfidansyalite PHI w yo. Nou gendwa pataje PHI w yo pou fòme oswa anseye lòt moun, men sèlman si w ban n otorizasyon w.

Paske lalwa oblige n. Lalwa oblige n pataje PHI w yo avè w depi se sa w mande n. Anplis de sa, nou oblige pataje yo ak sekretè Depatman sante ak sèvis sosyal Etazini yo (HHS) pou yo ka ankete oswa detèmine si n respekte egzijans lwa sou vi prive a.

San otorizasyon. W ap jwenn pi ba a yon lis sitiayson kote HIPAA otorize n itilize e pataje PHI w yo, menmsi w pa t ban nou otorizasyon. Lwa aplikab yo ak estanda etik yo pèmèt nou pataje enfòmasyon pèsonèl ou yo menmsi nou pa gen otorizasyon w, men sèlman nan kèk sitiayson patikilye.

Neglijans oswa abi sou timoun. Nou gendwa pataje PHI w yo ak yon Leta oswa yon ajans lokal ki gen dwa legal pou l resevwa yon seri rapò sou neglijans oswa abi sou timoun. Pwosedi legal e administratif yo. Nou gendwa pataje PHI w yo lè gen yon lòd pou konparèt devan lajistis (subpoena, avèk konsantman w alekri), lè gen yon desizyon lajistis, yon desizyon administratif oswa yon lòt pwosedi konsa.

Lè yon pasyan mouri. Nou gendwa pataje PHI pasyan ki mouri yo ann akò ak sa lalwa Leta mande, oswa nou gendwa pataje yo ak manm fanmi yo oswa yon zanmi ki te patisipe nan swen sante I yo oswa nan pèman swen sante I yo anvan li mouri, si pasyan an te bay konsantman I alavans. Biblikasyon enfòmasyon anrapò ak yon pasyan ki mouri gendwa rezève pou yon responsab oswa yon administratè byen ak pwopriyete moun ki mouri a oswa pou moun ki pi pwòch nan manm fanmi I yo. Lwa HIPAA pa pwoteje PHI moun ki te mouri depi plis pase senkant (50) ane.

Ijans medikal yo. Nou gendwa itilize oswa pataje PHI w yo ak yon ekip medikal nan yon sitiayson ijans medikal sèlman pou n ka evite gwo blese. Ekip nou an pral eseye ba w yon kopi dokiman sa a osito sa posib yonfwa ijans lan fin rezoud.

Patisipasyon lafanmi nan trètman an. Nou gendwa pataje enfòmasyon w yo ak manm lafanmi ki pwòch oswa ak zanmi ki te patisipe dirèkteman nan trètman w dapre konsantman w oswa si I vin nesesè pou evite gwo blese.

Otorite lasante yo. Si nesesè, nou gendwa pataje PHI w yo ak ajans ki sipèvize aktivite lasante yo pou yo ka akonpli aktivite lalwa otorize yo, tankou kontwòl yo, ankèt yo ak enspeksyon yo. Pami otorite lasante yo ki bezwen enfòmasyon sa yo genyen ajans ak òganizasyon gouvènman yo k ap ofri yon èd finansye ak pwogram nan (tankou sila yo k ap finanse I ann akò ak konsantman ou te bay alavans) epi òganizasyon ki responsab evalye itilizasyon yo ak kontwòl kalite a.

Aplikasyon lalwa. Nou gendwa pataje PHI w yo ak yon ofisyè ki responsab aplike lalwa ann akò ak sa lalwa egzije, pou obeyi yon lòd pou konparèt devan lajistis (subpoena, avèk konsantman w alekri), yon desizyon lajistis, yon desizyon administratif oswa yon lòt dokiman konsa, pou idantifye yon sisplè, yon temwen materyèl oswa yon moun ki absan, anrapò ak viktim yon krim, anrapò ak yon moun ki mouri, anrapò ak siyalman yon krim nan yon sitiayson ijans, oswa anrapò ak yon krim ki te fèt menm kote a.

Fonksyon espesyalize yo nan gouvènman an. Nou gendwa egzamine demann kèk òganizasyon ap voye n, tankou otorite militè Etazini yo si w te sèvi nan lame ameriken, oswa ajans ofisyèl yo ki bezwen PHI w yo pou rezon ransèyman oswa sekirite nasyonal, oswa Depatman Leta pou detèmine si w ranpli kondisyon fizik ak medikal yo. Nou gendwa pataje PHI w yo ann akò ak konsantman w te ekri a, ann akò ak lwa ki oblige n pataje enfòmasyon w yo oswa pou evite gwo blese.

Sante biblik. Si I nesesè pou akonpli yon seri aktivite sante biblik ki obligatwa yo, nou gendwa itilize oswa pataje PHI w yo ak yon otorite sante biblik ki legalman otorize pou I rasanble oswa resevwa enfòmasyon sa yo, yon fason pou I ka evite oswa kontwole yon maladi, yon aksidan oswa yon andikap, oswa si otorite sante biblik la mande I, nou gendwa pataje yo ak yon ajans gouvènman k ap kolabore ak otorite sante biblik sa a.

Sekirite biblik. Nou gendwa pataje PHI w yo si sa nesesè pou anpeche oswa diminye yon menas ki grav e ki gendwa rive sanzatann, oswa pou garanti sekirite yon moun oswa biblik la. Si n pataje enfòmasyon w yo pou evite oswa diminye yon menas ki grav, nou pral pataje yo ak yon moun oswa yon gwoup moun ki kapab, nan yon mezi rezonab, anpeche oswa diminye menas la, san wete moun ki sib menas la.

Rechèch. Nou gendwa pataje PHI w yo sèlman apre yon pwosesis otorizasyon espesyal oswa sèlman si n gen pèmisyon w.

Pèmisyon awotvwa. Nou gendwa itilize oswa pataje enfòmasyon w yo ak manm fanmi w yo k ap patisipe dirèkteman nan trètman w, depi w ban n pèmisyon awotvwa w.

Avèk otorizasyon. Si lwa aplikab yo pa otorize itilizasyon oswa pataj enfòmasyon w yo yon fason ki klè, nou pral annik itilize oswa pataje yo si w ban n otorizasyon w alekri. Ou kapab sispann otorizasyon sa a nenpòt le, nan mezi nou te deja itilize oswa pataje enfòmasyon w yo avèk otorizasyon w. Men nan ki sitiayson nou pral bezwen otorizasyon w pou itilize oswa pataje enfòmasyon w yo: (i) pifò itilizasyon oswa pataj nòt sikoterapi ki separe ak lòt dosye medikal ou; (ii) pifò itilizasyon oswa pataj PHI w yo pou fè biznis, san wete komunikasyon sou trètman ki finanse grasa Leta; (iii) pataj ki ta tankou yon vant PHI yo; ak (iv) nenpòt lòt itilizasyon ak pataj ki pa parèt nan Enfòmasyon anrapò ak pratik konfidansyalite yo.

Dwa pou konsilte, verifye e kopye enfòmasyon w yo. Ou gen dwa, menmsi dwa sa a kapab limite nan kèk sitiyasyon eksepsyonèl, verifye e kopye PHI w yo yo sere nan yon "dosye deziye". Yon dosye deziye gen ladan I rejis sante mantal/medikal ou yo, enfòmasyon faktirasyon w yo e nenpòt lòt dokiman yo te itilize pou pran yon seri desizyon sou trètman w. Dwa w genyen pou w verifye e pou kopye PHI w yo pral limite sèlman si gen yon prèv serye ki demontre aksè enfòmasyon sa yo ta ka yon danje pou w, oswa si enfòmasyon yo parèt nan nòt sikoterapi ki sere yon lòt kote. Nou gendwa faktire w yon kou ki rezonab pou kopi enfòmasyon w yo. Si dosye w yo sere nan yon fòma elektwonik, ou kapab mande yon kopi PHI w yo nan vèsyon elektwonik. Ou ka tou mande pou n voye yon kopi PHI w yo bay yon lòt moun.

Dwa pou korije enfòmasyon w yo. Si w kwè PHI nou gen sou ou yo pa bon oswa yo pa konplè, ou ka mande n korije enfòmasyon yo. Sepandan, nou pa oblige dakò ak kòrèksyon sa yo. Si n refize demann kòrèksyon w lan, ou gen dwa depoze yon deklarasyon dezakò. Nou gendwa prepare yon refitasyon deklarasyon w. Nan ka sa a, nou pral remèt ou yon kopi. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte responsab respè konfidansyalite a (Privacy Officer).

Dwa pou resevwa yon bilan pataj enfòmasyon yo. Ou gen dwa mande yon bilan ki montre kèk nan sitiyasyon kote nou te pataje PHI w yo. Nou gendwa faktire w yon kou ki rezonab si w mande plis pase yon bilan nan yon peryòd 12 mwa.

Dwa pou mande kèk restriksyon. Ou gen dwa mande yon resktriksyon oswa yon limit nan itilizasyon oswa pataj PHI w yo anrapò ak aktivite trètman, pèman oswa swen sante yo. Nou pa oblige aksepte demann ou amwenske demann nan se pou limite pataj PHI w yo aplikab ak yon plan sante pou fè yon pèman oswa akonpli yon seri aktivite swen sante, e PHI yo fè pati yon pwodui oswa yon sèvis swen sante ou gentan peye ak kòb pa w. Nan ka sa a, nou oblige aksepte restriksyon w ap mande yo.

Dwa pou mande yon komunikasyon konfidansyalite. Ou gen dwa mande pou n kominike avè w sou kesyon sante yo, yon fason oswa yon kote an patikilye. Nou pral aksepte nenpòt demann ki rezonab. Pou n ka aksepte demann ou, nou gendwa mande w kèk presizyon sou fason pèman an pral fèt oswa sou yon adrès segondè oubyen yon lòt metòd kontak. Nou pap mande w rezon ki fè w ap fè demann sa a.

Notifikasyon vyolasyon konfidansyalite a. Si gen yon vyolasyon PHI w yo ki pa sekirize, nou gendwa oblige fè w konn sa e ba w enfòmasyon sou sa k te pase epi sa w ka fè pou pwoteje tèt ou.

Dwa pou gen yon kopi dokiman sa a. Ou gen dwa gen yon kopi dokiman sa a.

PLENT YO

Si w kwè nou te vyole dwa anrapò ak vi prive w, ou gen dwa kontakte responsab respè konfidansyalite nou an (Privacy Officer) pou depoze yon plent alekri. Nou pap vanje tèt nou paske w te depoze yon plent.

Chris Wakefield, Privacy Officer
1145 Broadway Street, 2nd Floor
East McKeesport, PA 15035
cwakefield@340bpharm.com

Deklarasyon dwa pasyan yo

Pasyan ICARE RX yo gen dwa atann pou famasyen an:

- Konpetan antanke pwofesyonèl e pou l'respekte bonjan pratik endistri famasi yo.
- Trete yo ak diyite, ann akò ak pratik pwofesyonèl yo ki menm pou tout kalite pasyan, kèlkeswa metòd pèman an, ras, sèks, laj, nasionalite, reliyon, andikap oswa lòt faktè diskriminatwa.
- Pasyan yo gen dwa deside si yo pral pataje enfòmasyon pèsonèl sou sante yo ak pwogram jesyon pasyan yo. Si pasyan yo deside patisipe nan pwogram nan, famasyen yo pral aji nan pi bon enterè pasyan yo lè y ap pran yon seri desizyon sou medikaman ak/oswa swen trètman yo. Yo pral bay pasyan yo dwa pou yo refize patisipe, retire konsantman yo oswa retire patisipasyon yo nenpòt lè yo vle.
- Kowòdone terapi yo ansanm ak pasyan an e ak fanmi li.
- Aji antanke konseye pou rekòmande yon terapi medikaman ki egzak e ki apwopriye, e fè tout efò ki rezonab pou rekòmande diferan opsyon an kolaborasyon ak lòt founisè swen sante pasyan an.
- Sere dosye medikal yo, pwoteje konfidansyalite yo, itilize yo regilyèman pou amelyore swen sante yo e kenbe yo disponib pou pasyan an ka egzamine yo lè li vle.
- Bay bonjan konsèy pa mwayen yon seri metòd ki mache ak sitiyasyon fizik, kondisyon mantal e nivo edikasyon pasyan an.
- Livre preskripsyon yo e ofri sèvis famasi yo nan famasi pasyan an ap chwazi, nan yon kondisyon k ap fasilitè yon komunikasyon konfidansyèl e nan yon anviwònman ki prive, ki gen ase limyè, ki byen vantile e ki pwòp.
- Siveye terapi medikaman an nan rejim medikal yo pou garanti yon kalite sekirite ak efikasite ki wo nivo, e fè tout efò ki rezonab yo pou idantifye epi evite alèji lye ak medikaman yo, efè segondè yo, move rekòmandasyon yo oswa move dozaj yo.
- Kontwole y ap respekte trètman an ak itilizasyon medikaman yo, e pran yon seri mezi pou rezoud pwoblèm nan lè sa nesesè.
- Famasyen an dwe afiche Deklarasyon dwa pasyan yo yon kote ki byen vizib.

dokiman an ap kontinye nan lòt paj

Dwa ak responsabilite pasyan ICARE RX yo:

- Jwenn enfòmasyon alavans sou sèvis y ap ofri a, san wete chanjman y ap fè nan plan swen sante a
- Jwenn enfòmasyon sou kou trètman yo, awotvwa e alekri.
- Resevwa yon seri enfòmasyon anrapò ak diferan kalite sèvis òganizasyon an ap ofri, e limit presi sèvis sa yo
- Patisipe nan devlopman e nan egzamen regilye plan swen sante a
- Refize yon swen oswa yon trètman apre yo fin esplike pasyan an aklè konsekans ki gendwa genyen si l refize swen sa a oswa trètman sa a
- Konnen dwa pasyan yo dapre lwa Leta a pou ekri yon seri enstriksyon alavans (Advanced Directive), si sa aplikab
- Atann pou yo trete li (ansanm ak bagay ki pou li yo) ak respè e konsiderasyon, e pou yo rekonèt diyite l ak patikilarite l yo
- Identifye kòrèkteman chak manm ekip k ap vizite l yo grasa badj idantifikasyon yo
- Atann pou yo pa maltrete l, neglije l, pale l mal, joure l, pèsekite l, oswa fè nenpòt lòt abi mantal, seksyèl oswa fizik sou li, san wete blese san l pa konnen kote blese yo soti, e move itilizasyon bagay ki pou li yo
- Eksprime sa l pa renmen e depoze plent konsènan trètman li oswa yon mank respè pou bagay li yo, e rekòmande yo chanje politik la, yon manm ekip la oswa trètman/sèvis li san l pa santi l yo pral limite l, antrave l, entimide l, diskrimine l oswa tire revanj sou li
- Eksprime sa l pa renmen e depoze plent konsènan yon trètman oswa yon swen ki genyen (oswa ki pa genyen) mèb, oswa yon mank respè pou bagay/pwopriyete y ap anketé yo
- Gen garanti y ap respekte konfidansyalite tout enfòmasyon ki nan dosye pasyan an e tout enfòmasyon konfidansyèl anrapò ak sante a (PHI)
- Jwenn enfòmasyon sou politik ak pwosedi ajans yo anrapò ak pataj dosye klinik yo
- Chwazi pwòp founisè swen sante l, san wete yon doktè pèsònèl, si sa aplikab
- Benefisyé yon trètman ki apwopriye san yo pa diskrimine l, ann akò ak rekòmandasyon doktè yo, si sa aplikab
- Jwenn enfòmasyon sou avantaj finansye ki genyen lè y ap rekòmande yon òganizasyon
- Byen konprann tout responsabilite l genyen yo

Kesyon pasyan yo konn poze

Poukisa moun yo chwazi yon famasi ICARE RX ("ICARE RX")?

Famasi ICARE RX ("ICARE RX") ranpli preskripsyon yo pou medikaman konplèks ki pi chè yo, e li ofri sèvis famasi ki detaye yo. ICARE RX kolabore ak doktè w la ansanm ak konpayi asirans sante w pou asire l ou ka benefisyé bon medikaman an, e pou garanti asirans ou genyen an kouvri medikaman an, depi sa posib. Nou ka menm tcheke si yon èd finansyè disponib pou redui kòb w ap depanse pou medikaman yo.

Ki jan m pral konnen si asirans lan kouvri medikaman m yo?

Famasi ICARE RX ("ICARE RX") pral kolabore ak founisè w ansanm ak konpayi asirans ou. Anpil nan medikaman espesyalize yo dwe gen yon otorizasyon alavans, sa vle di konpayi asirans lan ap bezwen yon seri papye anvan li ka kouvri yon medikaman k ap koute plis chè. ICARE RX pral fè w konnen rezulta demann nan osito sa posib.

Ki kalite èd famasi ICARE RX ka ban mwen?

- Yon ti tchèk byennèt chak mwa pou reponn nenpòt kesyon oswa dout ou gendwa genyen sou medikaman w yo
- Yon seri rapèl pou renouvele medikaman w yo
- Yon ekip famasyen ki disponib pou pale avè w

Ki jan pou m fè yon kòmann?

- Founisè swen sante w voye n (nan faks oswa e-scribe) kòmann preskripsiyo w lan ansanm ak kowòdone w yo
- Si founisè swen sante w la ba w yon papye ak kòmann preskripsiyo an, ou mèt ban nou li dirèkteman

Ki jan m ka renouvele preskripsiyo m?

- Anvan medikaman w yo fini, nou pral rele w pou òganize yon novo livrezon
- Lè novo medikaman w yo fini, nou pral kontakte founisè w la pou fè yon kòmann lòt medikaman.
- Si nou pa rive kontakte founisè w la, nou pral rele w pito

Ki jan pou m jwenn medikaman yo si gen yon ijans oswa yon katastwòf?

- Si gen yon ijans medikal, tanpri rele 911 san pèdi tan
- Si gen yon katastwòf, rele famasi w.
- Famasi ki asosye avè n nan lòt Eta yo pral disponib pou ede w nenpòt fason ki nesesè yo
- Si famasi nou an ki an deyò Eta a pa kapab ede w, n ap fè tout sa n kapab pou ede w jwenn yon famasi lokal k ap kapab ede w

Ki jan pou m tcheke sitiayasyon preskripsiyo m nan?

Ou mèt rele famasi w

Ki kote m ka jwenn enfòmasyon konsènan ranplasman preskripsiyo yo?

Ou mèt rele famasi w

Ki jan pou m transfere yon preskripsiyo nan yon lòt famasi?

Ou mèt rele n dirèkteman depi famasi w, oswa mande pou novo famasi w la kontakte n

Ki jan pou m jwenn medikaman ki pa disponib nan famasi a?

- Yo pral kòmande medikaman w yo pou w vin chèche yo nan demen oswa nan livrezon
- Si w bezwen medikaman yo tousuit, ekip famasi a pral eseye jwenn yo nan yon lòt famasi lokal

Ki sa pou m fè lè yo retire yon medikaman nan mache a (drug recall)?

- Ou pa bezwen panike: pifò medikaman yo retire nan mache a se akoz ti pwoblèm toupiti yo
- Chèche enfòmasyon: vizite sit wèb ajans FDA a. Ou ka enskri w pou resevwa yon seri notifikasyon anrapò ak medikaman oswa pwodui yo retire nan mache a
- Nou pral kontakte moun ki konn fè preskripsiyon w yo, klinik ou e ou menm dirèkteman si retrè sa a se yon Retrè Klas 1 li ye (sa vle di li gen konsekans ki grav sou sante a)
- Pa pran okenn risk: si w remake yon bagay ki dwòl ak yon medikaman, pa egzanp si w wè yon moun te manyen l, si sant li pa bon oswa w wè kèk siy kontaminasyon, fè famasi w la konn sa san pèdi tan
- Elimine medikaman yo retire nan mache yo an tout sekirite: suiv enstriksyon ki pi ba yo
- Rele doktè w

Ki jan pou m jete medikaman yo?

- Suiv enstriksyon yo ki parèt sou etikèt medikaman an oswa nan fèy enfòmasyon pou pasyan yo
- Pa janm jete medikaman yo te preskri w yo nan twalèt yo amwenske se sa yo di w pou w fè
- Pwofite pwogram kominote lokal yo òganize yo pou reprann medikaman moun jete yo
- Men sa pou w fè si pa gen enstriksyon sou fason pou w jete medikaman yo oswa si pa gen okenn pwogram rekiperasyon ki disponib:
- Retire medikaman an nan bwat/anbalaj orijinal li
- Melanje l ak yon bagay ki bay degoutans (tankou ma kafe, sab poupop chat la oswa fatra)
- Mete l nan yon sache w ka fèmen sele, nan yon boutèy vid oswa nan yon bwat ki pa ka gen flit
- Jete l

Ki sa pou m fè lè m fè yon move reyakson poutèt medikaman yo?

- Si w sisplèk w ap fè yon move reyakson poutèt medikaman yo, tcheke bwat/anbalaj medikaman an epi kontate doktè w, klinik ou oswa famasi w
- Pa sispann pran medikaman w yo bridoukou, amwenske w soufri yon pwoblèm ki trè grav Si gen yon ijans medikal, tanpri rele 911 san pèdi tan

Ki sa pou m fè si m rate yon trètman oswa yon livrezon?

- Si w pa resevwa kòmann ou atan, tanpri rele nou san pèdi tan nan famasi w
- Si w te rate yon dòz e lè a prèske rive pou w pran lòt dòz la, ou pa bezwen pran dòz ou te rate a. L ap pi bon si w retounen pran l nan bon lè a. Pa pran 2 dòz menm lè a.

Ki jan pou m poze yon kesyon oswa siyale yon erè?

Pasyan yo ki ta vle kontakte famasi a pou denonse yon pwoblèm oswa depoze yon plent kapab rele biwo prensipal nou yo (855) 566 3710 oswa Komite Famasi Leta kote yo rete a:

Komite Famasi Leta Marilann	(410) 764-4755
Komite Famasi Leta Laflorid	(850) 245-4474
Komite Famasi Leta Nouyòk	(518) 474-3817
Komite Famasi Leta Kalifòni	(916) 574-7900